

**LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY**  
**PWOGRAM ESTAJ POU JÈN YO – ETE 2024**

**DAT/DIRE**

1 jiyè 2024 – 5 out 2024 (tantativ)

Tout dokiman kalifikasyon yo dwe soumèt anvan dat limit la ki se **24 Me 2024**.  
Klas sou entènèt anvan estaj la dwe fini nan espas **30 jou apre biblikasyon** men pa pita pase **17 Me 2024**.

**KANTITE LÈ EGZIJE**

150 ÈDTAN – Tout lè yo dwe ranpli pandan dat Pwogram 'SYIP' la.  
(1 jiyè - 5 out 2024)

**ORÈ SIJERE**

30È TAN PATYÈL PA SEMÈN (Senk (5) Semèn)

**MODALITE TRAVAY**

AN PÈSÒN (daprè direktif ofisyèl sante konte ak eta a), VITYÈL oswa TOULEDE

**POPILASYON ELÈV**

Elèv nan klas segondè depi 10yèm jiska 12yèm ane ant 15-18 an epi ki enskri nan yon Lekòl Segondè Leta Miami-Dade County.

**ELIJIBILITE**

Elèv yo dwe:

- Kalifye pou yo travay Ozetazini epi rezidan nan Miami-Dade County
- Enskri kounye a nan yon lekòl segondè Leta Miami-Dade County
- Louvri yon kont an bank ak EdFed -Educational Federal Credit Union\*
- Pran klas yo sou entènèt anvan estaj la, soumèt TOUT dokiman yo, epi enskri pou pwosesis anbochaj estajyè yo atravè [miamiinterns.org](http://miamiinterns.org).
- Elèv ki arisk ap jwenn priyorite depi yo satisfè youn nan kritè sa yo:
- Manje midi gratis/apri redui oswa elèv k ap aprann Lang Angle (ELL) oswa ki Absan tou tan (15 oswa plis absans san bay eskiz).

**FOUNISÈ ESTAJYÈ**

Tout nouvo ak ansyen anplwayè yo dwe anrejistre nan [miamiinterns.com](http://miamiinterns.com)

**Tanpri Remake:** Óganizasyon yo ka chwazi e anplwaye jiska 10 estajyè pandan pwogram nan. Si ou bezwen plis enfòmasyon, tanpri rele nimewo telefòn: 305-693-3005

**ENTÈVYOU AK ELÈV YO**

Aplwayè yo ka pwograme entèvyou ak elèv yo an pèsòn oswa vityèl. (Zoom, Microsoft Team, ak lòt)

**Tanpri Remake:** Founisè estajyè yo (Anplwayè Estajyè yo) gen dènye mo sou seleksyon elèv la depi elèv la satisfè kritè etabli yo.

**METÒD PEMAN**

**Se CareerSource South Florida, The Children's Trust, Miami-Dade County ak EdFed - The Educational Federal Credit Union ki patwone pwogram sa a**

1) "Summer Youth Internship Program (SYIP)" (Pwogram Estaj Ete pou Jèn yo)

Elèv yo pral resevwa de peman:

- 1ye peman 18 jiyè
- 2yèm peman 8 out - apre yo fin soumèt tout rapò travay ak lè yo travay yo bay pwofesè a.

2) **Elèv yo dwe louvri yon kont an bank anvan 24 Me 2024 ak EdFed - The Educational Federal Credit Union kredi inyon ofisyèl pwogram SYIP la**

3) 'COMPANY PAYROLL' ap peye elèv la dirèkteman

**SIPÈVIZYON**

Yon sipèvizè nan òganizasyon ki anplwaye estajyè a pral evalye estajyè a de fwa pandan estaj la epi yon pwofesè M-DCPS pral gen wòl pou li sipèvize estajyè a; li dwe kominike de fwa ak sipèvizè nan espas travay la e ak entèn nan (2 vizit sou plas oswa vityèl pandan 5-semèn peryòd estaj la).

**ASIRANS AKSIDAN  
POU ELÈV YO**

**ANPLWAYÈ A PA RESPONSAB OKENN AKSIDAN.**

**TOUT ESTAJYÈ YO OBLIJE PRAN ASIRANS POU AKSIDAN POU ETIDYAN.**

**(Yo pa aksepte Asirans Foutbòl)**

Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk SYIP a nan nimewo: **305-693-3005**.

